



Office of Temporary and Disability Assistance

BIWO ODYANS ADMINISTRATIF AVI SOU ODYANS NAN TELEFON

Ou gen randevou pou yon odyans nan telefòn. Ou pa bezwen ale nan Biwo Odyans San Patipri a.

Avi sou Odyans San Patipri a gen ladan dat ak lè odyans nan telefòn nan.

Gen plizyè odyans ki pwograme chak 90 minit. Odyans yo ka kòmanse nenpòt kilè nan peryòd 90 minit pwograme a. Ou menm ak nenpòt reprezantan otorize (yo) dwe disponib epi reponn yon apèl telefòn Ofisyè Odyans lan apati lè ki endike nan avi sou randevou a. Odyans yo ka kòmanse pi bonè oswa pita pase peryòd 90 minit ki pwograme a. Tanpri rete disponib pou plis pase yon peryòd 90 minit ki pwograme si ou poko resevwa yon apèl Ofisyè Odyans lan.

Apèl Ofisyè Odyans lan ka parèt sou Idantifikasyon Apelan tankou 518-549-0500, 518-391-4565, 212-459-7801, oswa Bloke, Restrenn, Pa Disponib, etc.

Ofisyè Odyans yo pral rele nimewo telefòn yo bay la de fwa avèk omwen yon entèval dis minit ant apèl yo. Si w pa reponn de (2) apèl telefòn Ofisyè Odyans lan te fè apre lè odyans ou an ki te pwograme a, sa ka lakòz demann odyans san patipri a konsidere kòm abandone. OAH ka konsidere demann pou odyans san patipri a kòm abandone si nimewo telefòn ou bay la dekonekte. Si yo jije demann lan kòm abandone, ou ka mande OAH pou relouvri odyans san patipri a nan sèvi avèk enfòmasyon kontak ki anba a.

Tanpri soumèt nimewo telefòn ki ajou anvan dat odyans lan pwograme apati enfòmasyon kontak ki anba a. OAH pral kowòdone lòt mwayen pou w patisipe si w pa gen aksè a yon telefòn oswa yon nimewo telefòn ki fonksyonèl oswa ki ka itilize.

W ap kapab tandem prezantasyon ajans lan nan telefòn epi w ap gen yon chans pou w poze reprezantan ajans lan ak nenpòt temwen kesyon. Ou ka eksplike pwennvi w sou pwoblèm nan.

Ou dwe voye kopi prèv dokimantè yo bay OAH omwen de jou ouvrab anvan odyans lan. OAH aksepte prèv atravè lapòs Etazini, faks, oswa atravè pòtay pou telechaje dokiman an sekirite. Si w ap itilize lapòs Etazini, tanpri konsidere tan livrezon an pou asire prèv la livre alè.

Telechajman Sekirize: UpLoad.NY.gov; Sèvi ak idantifyan koneksyon MyBenefits ou a
Faks: 518-473-6735
Pa Lapòs: Office of Administrative Hearings
New York State Office of Temporary and Disability Assistance
40 N. Pearl St, Fl 15, Albany NY 12243

Tanpri rele Biwo sa a gratis nan 800-342-3334 si w gen kesyon oswa enfòmasyon kontak ou te mete ajou.

Avi sou Odyans nan Telefòn
Lèt D (Anekse avèk OAH-457) -HA